



- Konsiy:** 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.  
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

**M CHOUKE**

Veritab, se yon plant ki soti nan peyi Sidès azyatik yo. Soti nan zòn sila a, li ale nan zile Polinezi yo. Nan peyi sa a, veritab se youn nan prensipal viv ki sèvi nan alimantasyon moun. Apre sa, veritab al chwe nan peyi Tayiti. Soti la, li rive nan peyi Karayib yo nan lane 1792, kote kaptèn Blay (Bligh) te pote li nan bato *Bounty*. Kounye a, yo kiltive veritab nan tout peyi cho e ki imid sou latè. Se yon plant yo kiltive anpil nan zòn Sidès, nan anpil kote nan Sid ak nan Grandans peyi d Ayiti.

Veritab gen de kalite flè: flè mal ak flè femèl. Flè sa yo sou menm pye bwa a. Men, yo pa menm kote. Se poutèt sa, yo di veritab se yon plant monoyik. Flè femèl la won. Se li ki bay fwi yo rele veritab la. Yon bagay ki enpòtan nan veritab pou nou konnen: fwi yo devlope san polinizasyon flè femèl la. Se poutèt sa veritab se yon fwi ki pa gen grenn ladan. Flè mal la rele pòpòt. Li long, li sanble yon ke chat. Yo sèvi ak li pou fè konfiti.

Veritab, se yon fwi moun ka manje konsa, lò li vèt oubyen lò li mi. Yo konn swa bouyi swa boukannen veritab. Yo ka kwit li nan fou tankou pen. Veritab ka sèvi pou grese kochon. Yo sèvi ak li lò li bouyi pou fè pire, kwokèt ak ze bouyi, retay pwason ak retay lanmori. Yo fè labouyi oubyen pouding ak li. Yo manje l fri. Lò sa a Ayisyen rele li akòdeyon. Lò li sèk, veritab ka fè farin ki sèvi nan patistri ak nan boulanjri. Farin veritab ka melanje ak farin ble pou fè pen. Veritab se yon manje ki antre nan kilti moun Grandans ak moun Okay. Paske li sèvi pou fè tonmtonm. Yo manje tonmtonm veritab ak kalalou gonbo ak krab. Yo sèvi tou ak veritab pou fè ponch oubyen salad.

**Franswa Sevren, Libète, No.185, 10 avril 1996**

**Premye pati**

**A) Konpreyansyon / 6 pwen pou chak bon repons**

**(30 pwen)**

- 1- Daprè ou menm, èske veritab se yon fwi itil? Bay twa agiman pou kore repons ou an.
- 2- Daprè tèks la, kisa ki nesèsè pou lektè a ta konnen sou veritab la?
- 3- Nan tèks la otè a di veritab se yon fwi. Kisa ki fè li di li se yon fwi?
- 4- “Veritab se yon fwi moun ka manje konsa”. Eksplike fraz sa a selon kontèks yo itilize l nan tèks la.
- 5- Eksplike fraz sa a “Veritab se yon fwi ki antre nan kilti moun Grandans ak moun Okay”.

**Dezyèm pati (40 pwen)**

**B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon**

- 1- Jwenn yon variant pou chak mo sa yo nou jwenn tèks la. **(8 pwen)**
  - a) chwe \_\_\_\_\_
  - b) lò \_\_\_\_\_
  - ch) veritab \_\_\_\_\_
  - d) oubyen \_\_\_\_\_
- 2- Jwenn yon non ki soti nan mo “*polinizasyon*”. **(6 pwen)**

- 3- Bay siyifikasyon de (2) mo sa yo selon jan ou konprann yo nan tèks la. **(4 pwen)**

- a) monoyik
- b) patistri

- 4- Presize nati mo soulinye yo, nan fraz anba a.

**(8 pwen)**

“Veritab se yon fwi ki antre nan kilti moun”.

- 5- Ekri yon fraz pou chak figi estil sa yo. **(8 pwen)**

- a) metonimi
- b) metafò
- c) perifraz
- d) ipèbòl

- 6- Tradui tèks sa a an kreyòl. **(6 pwen)**

“La vie a fait de moi un mystifié. Et j’y suis à ce point perdu sacrifié. Que mon esprit captive qui crie et se soulève veut chercher dans la mort, la terre de son rêve”.

**CH- Pwodiksyon ekri: (Chwazi youn (1) nan sijè sa yo) **(30 pwen)****

- 1- Daprè ou, kisa nou dwe fè pou n ka fè peyi d Ayiti vin tounen yon peyi ki otonòm nan kesyon manje.
- 2- Gen yon moun ki di yon telefòn ki nan men yon jèn se yon kouto de (2) bò. Li ka yon zouti itil, men tou li ka yon danje tou. Montre nan yon tèks agimantatif bon ak move kote itilizasyon telefòn epi fè yon sentèz.